EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.1 | SJIF = 5.685 www.in-academy.uz



# NAQIL-MAQALLARDAǴÍZOONIMLERDE JÍNÍSLÍQ MÁNINIŃ BILDIRILIWI

[1]H.Pirniyazova
Xojeli kasip-óner mektebi Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı oqıtıwshısı,
[2]S.Shinnazarova
Ilimiy basshı filologiya ilimleriniń kandidati, docent.
https://doi.org/10.5281/zenodo.7539824

ARTICLE INFO
Received: 04th January 2023
Accepted: 14th January 2023
Online: 16th January 2023
KEY WORDS
*Atlıq, naqıl-maqal, haywan atamaları.*

ABSTRACT
*Házirgi qaraqalpaq ádebiy tilinde túrli atamalarda jınıslıq mániniń ańlatılıwı ele de izertlewdi talap etetuǵın mashqalalardıń biri bolıp esaplanadı.Jınıslıq máni túrkiy tillerde grammatikalıq kategoriya retinde qollanılmaydı.Sebebi, atlıqlarda ózine tán jınıstıń(rod) arnawlı grammatikalıq kórsetkishleri joq.Geypara atlıqlar semantikası,ayırımları grammatikalıq kórsetkishleri boyınsha ǵana jınıslıq máni ańlata aladı.Biraq adamdı,janlı maqluqlardı,jániwarlar hám quslardı bildiretuǵın kópshilik atlıqlar jınıslıq belgisine qaray bir-birinen ayırımlanadı.Ayırım úy-haywanların hám quslardıń atamaların bildiretuǵın atlıqlar da jınıslıq mánige iye bolıp keledi Buǵa-sıyır,tana-qashar,qoraz-mákiyen, kópek-qanshıq, qoshqar-qoy,teke-eshki,ayǵır-biye,baytal, hám t.b. Qaraqalpaqlar turmısında úy-haywanları, ásirese sharwa malları erte waqıtlardan berli úlken turmıslıq áhmiyetke iye bolǵan.Sharwa mallarınıń arasında da jınıslıq máni beriwshi atamalar ushırasadı.*

Mısalı

Sıylaǵandı **sıyır** bilmes,
Sıypaǵandı eshek bilmes.

**Sıyır**- at. Qara maldıń urǵashısı

**Buǵa**nıń ózi qartaysa da
Múyizi qartaymaydı.
Jaqsınıń ózi qartaysa da,
Sózi qartaymaydı.

**Buǵa**- at. Iri erkek mal

**Qashar** kózin súzbese,
Buǵa jibin úzbeydi.

**Qashar- at.** Bir eki jastan ótken nashar(urǵashı) qara mal

Juwas **tana**nı padashı minedi.
**Tana**- at. Bir jasqa tolǵan qara maldıń erkek túri.

**Ógiz** jekkenniń bulqını qurıydı,
Adam adam menen sóylespese qulqını qurıydı
**Ógiz**-at. Eki jastan ótken qara maldıń pishtirilgen,tarttırılǵan erkegi.

**Túyeler**–jup tuyaqlı sút emiziwshiler toparına kiriwshi haywan.Onıń eki túri bar bir órkeshli hám eki órkeshli túyeler.Bir órkeshli túyeler – tez shabıwshı,qizǵısh kúlreń,al eki órkeshli túyeler pásirek,toq qońır túste boladı.Túyelerdiń de arasında jınıslıq máni bildiriwshi atamalar kóplep ushırasadı.Mısalı,

Alıstan shabınǵan **buwra**nıń
Kúshi bolmaydı.
**Buwra**- at. Túyeniń pishtirilmegen túri.Erkek túye.

Túye ólip **bota** qalsa,
Júgi jerde qalmaydı.
**Bota**- at.Túyeniń taylaqqa shekemgi bir jıllıq balası.12 ayǵa shekem bota,12 aydan soń taylaq.

Iyne de niyaz
**Ingen** de niyaz
**Ingen**- at. Maya,urǵashı túye.

Qaraqalpaqlar turmısında atlar erte waqıtlardan baslap úlken áhmiyetke iye.Qaraqalpaq xalqı óz turmıs tirishiliginde at kútimi menen shuǵıllanǵanlıqtan mal sharwashılıǵı,sonıń ishinde jılqıǵa baylanıslı atamalardı ónimli paydalanǵan.Mısalı

**Ayǵırdı** neden qoysań
Attı da sonnan minesen.
**Ayǵır** – at.Úyirde pishilmegen erkek jılqı.

Álip anadan
At **biye**den
Nar **taylaq** tuwa bermes
Hár túyeden.
**Biye**- at. Tuwatuǵın úlken ana.

Qulınlaǵan biyeden
Qudıqtaǵı suw qalmas
**Qulın**- at.Biyeniń jańa tuwılǵanınan baslap bir jasqa(on ayǵa) deyingi tóli

Yabı da bolsam **buwdan**man

Sátli kúni tuwǵanman
**Buwdan**-at.Eki túrli tuqımlas atlardıń shaǵılısıwınan payda bolǵan qospa at.

Ózi kelgen **teke**niń
Ózin aytpa kózin ayt
**Teke**- at.Janlıq(eshki)tıń erkek túri

Tamır bergen túyeden
Táńir bergen **toqlı** artıq
**Toqlı**- at.Altı aydan bir jasqa shekemgi qozı.Qırqılǵannan keyingi waqıtta urǵashı bolǵan jaǵdayda “toqlı”,al erkek bolsa “toqlı qoshqar” degen ataqqa iye boladı.

Mezgilsiz shaqırǵan **qoraz**dı soymaq kerek.
**Qoraz**- at. Tawıqtıń,qustıń erkegi.

**Qoshqar** bolar qozınıń,
Mańlaylayları doń bolar.
Adam bolar jigittiń,
Etek-jeńi keń bolar.
**Qoshqar**- at. Qoydıń pishtirilmegen erkek túri.

Juwmaqlap aytqanda,qaraqalpaq tilinde proporcional oppoziciya máselesi arnawlı izertleniwi tiyis hám óz sheshimin kútip turǵan máselelerden biri.Qaraqalpaq tilinde haywan atamalarında jınıslıq mániniń bildiriliwi ele de izertlewlerdi talap etedi.